

NEEDHAM PUBLIC SCHOOLS

FÒMILÈ PÈMISYON POU ASISTE JOUNEN LEKÒL AK LÒT EVÈNMAN LEKÒL SPONSORE

Tanpri konplete fòmilè sa a e remèt li bay pwofesè pitit ou a

Non Elèv: _____ gen pèmisyon mwen pou li patisipe nan
vwayaj/evènman/sezon spòtif suivan ke lekòl ap sponsore: _____

sou dat _____ *. Mwen konprann mòd transpò pou vwayaj/evènman sa pral:

Bis Lekòl Machin Prive Lòt _____

- Mwen konprann vwayaj/evènman/sezon spòtif sa a se yon aktivite volontè e pitit mwen pa oblije asiste.
- Mwen konprann Needham Public Schools pral pran prekosyon rezonab pou yo asire sekirite ak byennèt tout elèv ki asiste yo.
- Mwen konprann Sipèntandan an kapab anile nenpòt vwayaj/evènman/sesyon pratike spò oswa chanpyona pou nenpòt rezon jiska lè pati a rive. Needham Public Schools pap responsab remèt lajan pou byen oswa pou sèvis elèv yo pa t jwenn akoz yon anilasyon konsa, sepandan ap gen efò rezonab k ap fèt kanmenm pou remèt lajan an.
- Mwen te di pitit mwen pou l toujou byen konpòte l, yon fason pou yo pale byen de paran li yo ak lekòl li, e pou l aji an amoni ak enstriksyon moun ki responsab yo bay.
- Mwen dakò pitit mwen kapab resevwa transpò nan men [_____

_____)

(ekri non tout moun k ap kondui) pou li ale e/oswa tounen nan vwayaj/evènman/sesyon pratike spò oswa chanpyona a. Mwen libere Vil Needham, Needham Public Schools, Komite Lekòl ak tout anplwaye, ajan, volontè yo, e nenpòt endividyèl k ap bay koutmen nan aktivite a (“Libere yo”) devan nenpòt reklamasyon, dwa aksyon e koz aksyon ki kapab te fèt deja, oswa ki kapab fèt alavni, yon fason dirèk oswa endirek, de blezi pèsònèl oswa domaj pwopriyete ki fèt pandan pitit mwen resevwa transpò nan men moun yo site non li (oswa non yo) pi wo a.

- Lè mwen konsidere patisipasyon pitit mwen nan vwayaj/evènman/sezon spòtif yo dekri pi wo a, e sof nan ka kote gen konduit enpridan oswa moun fè espere gen move konduit, mwen di klèman mwen dakò dedomaje, defann, e pa kenbe responsab Vil Needham, Needham Public Schools ak anplwaye, ajan ak moun yo asiyen yo, pou nenpòt reklamasyon pou depans medikal, pèt sèvis, blezi pèsònèl, domaj pwopriyete, lanmò, pèt afilyasyon, oswa lòt reklamasyon ki kapab fèt nan, oswa pandan vwayaj pou rive nan, oswa soti de, oswa patisipasyon nan, vwayaj/evènman/sesyon pratik spò epi/oswa chanpyona a.
- Anplis, mwen bay pèmisyon mwen pou pitit mwen resevwa tretman ijan nan men yon doktè si li blese oswa malad pandan l ap patisipe nan vwayaj/evènman yo dekri pi wo a. Mwen aksepte tout responsabilite pou nenpòt depans ki genyen pou tretman ijan sa a.

- Si aplikab: Mwen bay pèmisyon m pou pitit mwen resevwa medikaman suivan an (non ak dozaj):

nan men moun Enfimye Lekòl la deziyen.

- Mete yon mak kwoche isi a si w dakò bay pitit ou pèmisyon pou li kondui pou tèt li.
- Mete yon mak kwoche isi a si ou menm, oswa pitit ou ki gen pèmi kondui valab, pral transpòte elèv pa mwayen machin prive w. Si w te mete yon mak kwoche, tanpri reponn kesyon suivan yo:
 - Mwen gen yon pèmi kondui valab e mwen dakò transpòte elèv yo nan vwayaj/evènman pa mwayen machin prive mwen: _____ (Wi/ Non/ Pa aplikab)
 - Mwen bay pèmisyon m pou pitit mwen, _____ (ekri non l), ki gentan gen yon pèmi kondui valab depi omwen 6 mwa, transpòte lòt elèv yo pa mwayen machin prive pa m: _____ (Wi/ Non/ Pa aplikab)
 - Machin mwen gen papyè imatrikilasyon kòrèk, chak ane yo enspekte li, e li gen asirans ki rive nan limit suivan yo: \$100,000 chak moun/ \$300,000 pwoteksyon pou kò blese nan aksidan; e \$100,000 pou pwoteksyon domaj pwopriyete: _____ (Wi/ Non)
 - Machin mwen pa gen kapasite pou l pran plis pase 14 pasaje, plis yon chofè: _____ (Wi/ Non)
 - Mwen pral kondui machin mwen yon fason an sekirite e m ap egzije tout pasaje yo mete senti sekirite, sa gen ladan l pwoteksyon kòrèk pou timoun ki gen piti pase 8 an laj e ki mezire pi piti pase 57 pous wotè: _____ (Wi/ Non)

Mwen/Nou te li e konprann Fòmilè sa a e mwen/nou siyen l selon pwòp volonte mwen/nou ak tou konesans konplè sou siyifikasyon li.

Paran/Gadyen (yo egzije yon sèl siyati)

Paran/Gadyen

Dat: _____ Dat: _____

* Note ke si gen yon fre pou pitit ou peye pou l asiste vwayaj/evènman/sezon spòtif sa a:

- Mete yon mak kwoche isi a si w enterese pou w jwenn yon bous pou kouvri depans patisipasyon pitit ou nan evènman sa a. Mwen konprann enfòmasyon sa a konfidansyèl.
- Kòb fre pa m, ki se \$ _____ (ekri kantite kòb) nan anvlop la. Tanpri ekri non “Needham Public Schools” sou chèk la.